# «Xojeli» shegaralıq ótkeriw punkti arqalı Túrkmenstan menen avtomobil transportında xalıqaralıq júk tasıw jolǵa qoyıladı

Image not found or type unknown

Usı jıldıń 18-noyabr kúni transport hám logistika máseleleri boyınsha bolıp ótken ózbek-túrkmen jumısshı toparınıń ushırasıwı dawamında kelisilgen wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde búgin «Xojeli – Góne Úrgenish» hám «Shovot – Tashawız» shegaralıq ótkeriw punktlerinde xalıqaralıq júk tasıwlar ushın neytral zonada tirkeme jáne yarım tirkemelerdi kontaktsız almasıw jolı arqalı shólkemlestiriw boyınsha sınaq ótkerildi. Bul haqqında ÓzR Transport ministrligi xabar berdi.

Maǵlıwmat ornında atap ótiw kerek, usı shegaralıq ótkeriw punktleri koronavirus pandemiyası sebepli ámeliyatqa engizilgen sheklew ilajları nátiyjesinde 2020-jılı jabılǵan edi.

Házirgi waqıtta Transport ministrligi, Mámleketlik bajıxana komiteti hám Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti shegara áskerleri «Xojeli – Góne Úrgenish» hám «Shovot – Tashawız» shegaralıq ótkeriw punktleriniń jumısların usı jıldıń 26-noyabr kúninen sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qaǵıydalarǵa qatań ámel etken halda neytral zonada tirkeme jáne yarım tirkemelerdi kontaktsız almasıw jolı arqalı qayta tiklew boyınsha Túrkmenstannıń tiyisli ministrlik jáne uyımları menen birgeliktegi háreketlerdi dawam ettirmekte.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.